



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ LOJMAN SIPÒ AK NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 42 MILYON DOLA NAN KONTE ROCKLAND

Vincent's Village bay 93 kay ki gen sèvis sante ak byennèt sou plas pou ede granmoun ki pi aje yo viv nan anviwònman endepandan

Devlopman lojman nan pri abòdab la te konstwi avèk 21.9 milyon dola ki soti nan finansman eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti Vincent's Village, yon devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 42 milyon dola nan Vilaj Nanuet nan Konte Rockland. Sipòte avèk finansman 21.9 milyon dola ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, devlopman an gen 93 lojman nan pri abòdab avèk sèvis sante ak byennèt sou plas pou moun ki gen 55 ane ak plis.

"Nou ap kontinye priyorize ak investi nan lojman ki gen devlopman nan pri abòdab pou granmoun aje yo tankou Vincent's Village", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se yon egzanp sou sa ki ka atenn lè yon kominote ki chita sou lafwa, sektè eta ak prive a dedye enèji ak ekspètiz nan yon devlopman ki pral ranfòse lavi konpatiyòt Nouyòkè yo ki bezwen yon plas pou yo viv poukont yo epi avèk diyite. Nouvo kominote sa a nan Rockland pèmèt rezidan yo rete nan bèl anviwònman ki gen sèvis sipò ki disponib si yo bezwen yo".

Twa bilding rezidansyèl Vincent's Village yo avèk yon total 93 apatman, sa gen ladan 81 inite ki gen yon chanmakouche ak 12 inite ki gen de chanmakouche ki nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa. Devlopman an gen ladan 35 inite ki gen aksè ak sibvansyon pou lwaye ak sèvis sipò ki jwenn finansman Inisyativ Lojman Sipò Empire State la atravè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York.

Sitiye nan Convent Road, devlopman an gen ladan tou de bilding ki gen yon sal espò, sal lesiv, sal kominotè ak Vinny's Café, yon espas kominotè ki konsevwa yon fason pèsonalize pa Sisters of Charity Housing Development Corporation. Sèvis sipò pou tout rezidan yo gen ladan kontwòl sante, kowòdinasyon swen ak jesyon swen, sèvis konsèy ak aktivite sosyal.

Vincents' Village gen resous ki efikas pou enèji ki gen ladan ekipman chofaj, refwadisman ak vantilasyon ki efikas anpil; aparèy elektwomènaje ak ekleraj ki gen klasifikasyon Energy Star ak enstalasyon plonbri ki gen debi fèb. Konsepsyon ak

konstriksyon bilding li an te jwenn Sètifikasyon Lò nan Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwònmanal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED) ki soti nan U.S. Green Building Council.

Sitiye nan vil Clarkstown, devlopman an nan yon distans uit san mèt ak sant komèsyal ak lòt sèvis sou Route 59 ak toupre transpò piblik ki gen ladan Pascack Valley Line NJ Transit la. Transpò lokal pou rezidan yo pral disponib atravè Mini-Trans ak TRIPS Konte Rockland, sèvis transpò adapte konte a.

Finansman Eta pou Vincent's Village gen ladan 7.5 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; kredi enpo federal sou lojman pou moun ki gen revni fèb ki jenere 14.7 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 14.4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la.

Ko-devlopè pwojè a se Sisters of Charity Housing Development Corporation ak Rockabill Development. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a te finanse tou Seton Village ki toupre a, ki te ouvri nan ane 2003 epi gen 106 apatman pou granmoun aje.

Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, te deklare, "Nou fyè pou nou fè patenarya avèk Sisters of Charity Housing Development Corporation ak Rockabill Development sou devlopman 42 milyon dola enpòtan sa. Katreven trèz fwaye gen nouvo kay ki efikas pou enèji ak sekirite nan yon kominote k ap pwospere kote yo kapab rete aktif ak konnen gen sipò pou yo. Pandemi COVID la te sèlman ranfòse rezolisyon nou pou bay opòtinite lojman nan pri abòdab ki rekonèt lyen enpòtan ant sante ak lojman epi ede nan rekiperasyon alontèm eta a".

Angajman pou bay tout Nouyòkè aksè ak lojman sekirite, nan pri abòdab relete nan plan lojman san presedan 20 milya dola, sou senkan Eta a genyen ki rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi oswa prezève plis pase 100,000 lojman nan pri abòdab ak 6,000 lojman k ap ofri sèvis sipò. Pandan deseni pase a nan Hudson Valley, HCR te dedye anviwon 1.4 milya dola pou konstwi oswa prezève plis pase 12,000 lojman nan pri abòdab, pwofite apeprè 3.8 milya dola nan investisman total, sa gen ladan 51.5 milyon dola pou anviwon 575 kay nan pri abòdab nan Konte Rockland.

Komisè Depatman Sante a, Howard A. Zucker, MD, te deklare, "Lojman fyab ak sekirite se fondasyon pou bon sante, e mwen konfyan ke atravè prim sa a, Vincent's Village pral ekipe pou founi rezidan yo sèvis yo bezwen. Mwen fyè de efò kontinyèl nou yo pou nou fè eta nou an pwogrese e founi Nouyòkè yo sekirite ke yo bezwen an pou yon avni pi briyan e pi an sante."

Kadinal Timothy Michael Dolan te deklare, "Vincent's Village te konstwi sou sit ansyen òfelina Saint Agatha, ki te jwenn esponsò Sisters of Charity tou, relete angajman Sisters nan kominote sa a, ansanm ak volonte yo pou chanje ak adapte ministè yo pou satisfè bezwen moun y ap chèche sèvi yo ki pa sispann grandi".

Prezidan Sisters of Charity of New York, Sè Donna Dodge, te deklare. "Nou rekonesan anpil pou sipò Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York ak anpil lòt ki te rann pwojè sa posib. Espwa Sisters of Charity of New York sè ke rezidan Vincent's Village yo pral gen anpil ane lajwa, bon sante ak kominote nan nouvo kay yo".

Direktè Jeneral Rockabill Development, Niall J. Murray, te deklare, "Rockabill onore pou fè patenarya avèk Sisters of Charity nan yon pwojè osi enpòtan pou kominote sa a. Konfòmman ak misyon Sisters, Vincent's Village Peral bay kay bon kalite epi ede granmoun aje yo kenbe endepandans ak byennèt yo pandan y ap vyeyi. Nou vle remèsye pil patnè nou yo nan efò sa a epi nou rekonesan pou travay an ekip la ki te pèmèt vizyon sa a tounen reyalitye".

Senatè Elijah Reichlin-Melnick te deklare, "Mwen rekonesan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Sisters of Charity pou investisman yo nan lojman nan pri abòdab pou granmoun aje isit la nan Clarkstown. Piske kou lavi a te ogmante nan Konte Rockland pandan ven ane pase yo, li vin pi enpòtan pou nou gen yon fason pou granmoun aje yo vyeyi nan kominote nou an pandan y ap viv sou yon revni fiks. Mwen apresye investisman sa a ki pral ede granmoun aje nou yo rete nan kominote yo renmen an".

Manm Asanble Ken Zebrowski te deklare, "Devlopman lojman Vincent's Village pral bay lojman nan pri abòdab endispansab pou granmoun aje nan Rockland pandan l ap favorize yon anviwònman sen ak ki bay sipò. Yon gwo remèsiman pou Gouvènè Hochul, Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, Visnaukas ak Sè Donna Dodge nan Sisters of Charity Housing Development Corporation pou kolaborasyon yo nan pèmèt reyalize yon pwojè konsa. Konte Rockland te gen yon gwo nesosite ki pa te satisfè pou lojman nan pri abòdab epi pwojè sa a enpòtan nan satisfè nesosite sa a".

Egzekitif Konte Rockland a, Ed Day, te deklare, "Mwen fyè pèsònèlman ak pwofesyonèlman pou nouvo apatman ki bay sipò ak nan pri abòdab sa yo pou granmoun aje Rockland yo. Vilaj sa a se yon bèl plas pou rele lakay ou epi se egzakteman kalite devlopman vizyonè ak responsab ke Rockland bezwen".

Sipèvizè George Hoehman te deklare, "Lojman pou granmoun aje te toujou rete youn nan pi gwo priyorite mwen yo. Mwen kontan Sisters of Charity ak Rockabill Development te fè patenarya pou konstwi Vincent's Village nan Vil Clarkstown. Nouvo devlopman an pral bay granmoun aje nou yo yon opòtinite pou gen lojman sekiritè, aksesib, nan pri abòdab nan Clarkstown, pandan l ap ba yo sèvis sipò yo bezwen. Epitou, mwen remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la dèske yo finanse pwojè sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)